*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№60 (26512)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 8 апрель – хуымгæнæны мæйы 8 бон, æртыццæг

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:
2 ЦÆРÆНУÆТТÆ *Муниципалон программæйы фæрцы*
3 ПОЭЗИ *Къадзаты Станиславы æмдзæвгæтæ*
4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ *Ерыстæ хъæбысхæстæй*

**Фембæлд**

## Æппæтвæрсыг æмгуыстады нысантæ

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО фембæлд Цæгат Кавказы федералон университеты ректор Татьяна ШЕБЗУХОВАИМÆ. Ныхасы архайджытæ се 'ргом аздæхтой республикæ æмæ уæлдæр ахуыргæнæндоны æппæтвæрсыг æмгуыстад рапарахат кæныны фарстатæм.**



Ныхасы рахæцæн уыд Цæгат Ирыстоны 2030 азы онг æнæкъуыхцы экономикон райрæзты бындурон программæ æмæ уыцы документы уагæвæрдтæ æххæст кæнынмæ Цæгат Кавказы федералон университеты ахуыргæндтæ æмæ иннæ специалистты æргом раздахын, сæ зонадон æмæ технологон фæлтæрддзинадæй сын спайда кæнын.

– Мах цæттæ стæм Цæгат Кавказ æмæ æппæт Уæрæсейы раззагдæр наукон-ахуырадон кусæндæттимæ æнгомдæр æмархайдмæ, уымæн æмæ фыццаградон нысантæй иу у республикæйы алы къабæзты кусæг специалистты дæсныдзинад æмæ фæлтæрддзинад бæрзонддæр кæнын. Мæ зæрдæ дарын, Цæгат Кавказы федералон университетимæ æмгуыстад комкоммæ кæй сахаддзæн нæ специалистты цæттæдзинадыл, фидар бындур кæй æрæвæрдзæн ног иумæйаг наукон æмæ экономикон проекттæ царды рауадзынæн. Регион сæрмагонд æргом здахы ахуырады къабазы нывылад æмæ дарддæры райрæзтмæ. Уыцы хъуыддаджы махæн, æнæмæнг, пайдайаг уыдзысты федералон университеты ахуыргæндтæ æмæ иннæ минæвæртты зонындзинæдтæ æмæ технологон проекттæ, – фæбæрæг кодта Сергей Меняйло.

Æппæт уыцы фарстатыл ныхас адарддæр кæнгæйæ, Татьяна Шебзухова фæндон бахаста, цæмæй фыццаградон цæстдард уа республикæйы экономикæйы æппæт къабæзтæн дæсны специалисттæ цæттæ кæнын æмæ аграрон-промышленнон комплексты архайдмæ фылдæр хæссын наукон-технологон инновацитæ.

– Зæгъæм, хъæуугон-хæдзарадон куыстады кой кæнгæйæ, нæ университеты специалисттæ æнтыстджын куыст кæнынц халсартæ æмæ дыргъты нырыккон селекцийы ног хуызтыл, хорз бæрæггæнæнтæ æфты сæ къухы биологон æмæ агротехнологон проекттæ æххæст кæныны хъуыддаджы дæр. Уымæй уæлдай, университеты специалисттæ кусынц рекреацион-туристон тæлмыты, транспортон логистикон комплекстæ æмæ экономикæйы иннæ къабæзтæн æндæр амалхъомадон проекттæ цæттæ кæныныл дæр. Æппæт уыцы гæнæнтæ, мæ хъуыдымæ гæсгæ, пайдайаг уыдзысты Цæгат Ирыстонæн, ног хъомыс бауадздзысты регионы экономикæмæ, – бафиппайдта Татьяна Шебзухова.

Фембæлды архайджытæ æрдзырдтой æндæр ахсджиаг фарстатыл дæр. Сæрмагонд æргом аздæхтæуыд Цæгат Кавказы федералон университет æмæ республикæйы уæлдæр ахуыргæнæндæтты æмархайд фенгомдæр кæныны фарстамæ дæр.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Федералон программæтæ**

## Бæлццæттæласæн транспорт – республикæйæн

**Уæрæсейы профилон ведомствæты æмвæзадыл дарддæр архайд цæуы æхсæнадон транспорты модернизацийы программæ æххæст кæныныл. Амынд программæйы фæлгæты УФ-йы Транспорты министрад сбæлвырд кодта, бæстæйы регионтæй ацы аз автобустæ æмæ æхсæнадон транспорты æндæр техникон фæрæзтæ балхæнынæн паддзахадон субсидитæ чи райсдзæн, уыдоны номхыгъд.**

Министрады пресс-службæйы хъусынгæнинагмæ гæсгæ, 2026 азы ахæм субсидитæ райсдзысты 14 уæрæсейаг регионы. Уыдоны нымæцы – Республикæ Цæгат Ирыстон-Алани дæр.

Федералон ведомствæйы сæрмагонд къамис хорз аргъ скодта, республикæ æхсæнадон транспорты ног фæрæзтæ балхæныны нысанимæ цы курдиат бацæттæ кодта, уымæн. Уыимæ, федералон экспертон къорды хатдзæгмæ гæсгæ, регион ахадгæ куыст кæны транспортон политикæйы къабазы, æхсæнадон транспорты архайд банывыл кæныны программæ къæпхæнгай царды уагъд цæуы.

Æппæт уыцы æууæлтæ хынцгæйæ, федералон министрады уынаффæйæ ацы аз регион райсдзæн 83,3 милуан сомы. Уыцы фæрæзтæй æлхæд æрфылдæр хатт кусдзысты муниципалон маршруттыл. Специалистты хатдзæгмæ гæсгæ, ног транспортон фæрæзты фæрцы зынгæ фæахадгæдæр уыдзæн лæггæдты техникон æмæ экологон æдасдзинад дæр.



2026 азы 1 июлы онг хъуамæ фидаргонд æрцæуа амынд транспортон фæрæзтæ балхæныны фæдыл паддзахадон бадзырд. Куыд нысангонд цæуы, афтæмæй ног техникæ республикæмæ хъуамæ сласой азы кæронмæ.

Транспорты комитеты куыд фæбæрæг кодтой, цæудзысты ноджыдæр ма 46 чысыл автобусы. Цæгат Ирыстоны Транспорты комитеты куыд фæбæрæг кодтой, афтæмæй уыцы техникон фæрæзтæ хорзырдæм сахаддзысты бæлццæттæласæн куысты нывыладыл. Уыимæ, сæ афтæмæй ведомствæ дарддæр дæр æххæст кæндзæн къабазы модернизацийы программæтæ, архайдзæн бæлццæттæласæн лæггæдты хæрзхъæддзинад æнаипдæр кæныныл...

**Дмитрий АСТАХОВ**

**Хицауады æмбырд**

## Фæрныгдæр фидæны сæраппонд...

**Нæ республикæйы Хицауады радон æмбырд амыдта йæ Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис. Хицауады уæнгтæ, ведомствæты разамонджытæ рæгъмæ рахастой нæ республикæйы цæрджытæн ахсджиаг фарстатæ.**

Ивгъуыд 2025 азы РЦИ-Аланийы социалон-экономикон рæзты бæрæггæнæнтимæ æмбырды архайджыты базонгæ кодта нæ республикæйы экономикон рæзты министры фыццаг хæдивæг **Олег Быкадоров**. Куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй промышленнон продукци рауагътой, ивгъуыд азимæ абаргæйæ, 11 проценты фылдæр, арæзтадон куыстуæттæ дæр æфтиаг райстой 35,5 миллиард сомы. Уæдæ базарады къабаз дæр размæ рацыд 3,8 проценты.

– Нæ бæстæйы ныхмæ цы санкцитæ æвæрд ис, уыцы уавæрты дæр хъæугæ товартæ ис фаг, æнæкъуылымпыйæ куыстой æмæ уæйгæнæг организацитæ сфæстауæрц кодтой продукци, – загъта Быкадоров.

Хойраджы продукттæ кæм цæттæ кæнынц, уыцы æхсæнадон бынæттæ, 2024 азимæ абаргæйæ, æфтиаг райстой 9,2 проценты фылдæр.

– Инвестицион архайды райрæзты фæлгæты кусы республикæйы экономикон рæзты хуызæг. Уый бындурыл фарон царды рауагътам фондз стыр проекты. Сæ аргъ 74 миллиардæй фылдæр кæмæн у, уыцы проекттæ кусдзысты туризм, транспорт æмæ промышленнон комплексы рæзтыл. 2030 азмæ фæзындзæн 3747 ног куысты бынаты. Ныридæгæн уал скуыстой аэропорт «Владикавказ»-ы ног аэровагзалы комплекс, таможняйы логистикон парк «Южные ворота» æмæ стыр дыргъдон «Казачий хутор»-ы егъау дыргътæ æфснайæны арæзтад дæр кæронмæ ахæццæ, – бафтыдта министры хæдивæг.



Дарддæр ныхас кодта, 2025 азы сæ бæрæггæнæнтæ раппæлинаг кæмæн не сты, уыцы къабæзтыл. Зæгъæм, фæфылдæр ис æгуыст адæмы нымæц.

РЦИ-Аланийы хъæуон хæдзарады министры хæдивæг **Къадзаты Игоры** курдиатмæ гæсгæ, ивддзинæдтæ бахастой хæрзмыггаг фосдарынады къабазæн æххуысæн субсидитæ дæттыны тыххæй Хицауады уынаффæмæ, стæй, цы хæрдзтæ скодтой, уыдоны ныхмæ дæр субсидитæ дæттынæн.

Æнæмæнгæй ацы æххуыс фæзындзæн хæрзмыггаг фосы нымæцыл, нырыккон технологитæ ахъаз уыдзысты продукци фылдæр райсынæн, иумæйагæй та – стурвосы нымæц фæфылдæр кæнынæн.

Уымæй уæлдай ма, министры хæдивæг загъта, алывæрсыг æххуыс кæй уыдзæн, дыргътæ æмæ гагадыргъты куыст чи кæны, уыдонæн, сæ хæрдзты кæцыдæр хай сын паддзахад фæстæмæ бафиддзæн грантты хуызы. Йæ нысан у, хъæууон хæдзарадæн бынæттон продукци нæ базарты, дуканиты тæрхæджытыл цæмæй уа. Æдæппæтæй 2026 азы хъæууон хæдзарады рæзтæн радих кæндзысты иу миллиард сомы.

РЦИ-Аланийы арæзтад æмæ архитектурæйы министр **Бетанты Марат** цы фарстатыл дзырдта, уыдонæй иу баст уыд, арæзтадон къабазы фыццæгæм разряды хуымæтæг кусæгæн ивгъуыд аз йæ мызд кæй уыдис 42 мин сомæй фылдæр, кæнæ 2024 азæй авд проценты фылдæр.

РЦИ-Аланийы ахуырад æмæ наукæйы министры хæдивæг **Дзанайты Марк** дзырдта сывæллæтты сæрдыгон фæлладуагъды фарстатыл 2026 азы, стæй ахуырады къабазы кусджытæн мызд фидыны тыххæй, Хицауады уынаффæмæ ивддзинæдтæ бахæссыныл.

Сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн, сæ бинонтæн æххуыс дарддæр дæр уыдзæнис, цавæр æххуыс, уый тыххæй дзырдта РЦИ-Аланийы фæллой æмæ социалон рæзты министр **Абайты Юри.**

Æмбырды ма ныхас кодтой æндæр ахсджиаг фарстатыл.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

**Адæмон газет**

## Рафыссæм «Рæстдзинад»!




**Посты бастдзинады регионалон управлени куыд хъусын кæны, афтæмæй ацы азы дыккаг æмбисæн газеттæ рафыссыны сæйраг æмгъуыд йæ тыхы нæма бацыд. Уыимæ, азы дыккаг æмбисæн «Рæстдзинад» рафыссæн ис рагагъоммæ дæр зæронд аргъæй, ома, 1448 сомы æмæ 46 капеккæй. Льготон къордтæм чи хауы, уыцы адæмæн та – 1180 сомы æмæ 74 капеккæй.**

**Нæ зынаргъ газеткæсджытæ!**

**Ирыстоны истори, ирон адæмы æгъдæуттæ, мадæлон æвзаг, ирон фысджытæ æмæ нывгæнджыты уацмыстæ зонын уæ кæд фæнды, æмæ нæ рæзгæ фæлтæр сæ мадæлон æвзаг уарзой æмæ йæ ахуыр кæной, уымæ кæд бæллут, уæд, уæ хорзæхæй, рафыссут «Рæстдзинад». Æмæ газет алы хæдзармæ дæр хæсдзæн ног хабæрттæ, зонгæ уæ кæндзæн, Ирыстон æмæ Уæрæсейы царды цы ивддзинæдтæ цæуы, уыдонимæ, дзурдзæн уын нæ ивгъуыды, нæ абон æмæ нæ сомбоны тыххæй.**

**Алы ирон хæдзарæн дæр – газет «Рæстдзинад»!**

**РЕДАКЦИ**

**Дзырды фарн**

***...рæстдзинады ныхас уæлахиз кæны кæддæриддæр.***

*КОЧЫСАТЫ Мухарбег*

| Боныхъæд | Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **8 апрелы** чысыл рауардзæн. Уæлдæфы температурæ – **2 – 9 градусы хъарм.** | Боны дæргъ — 13,04 | Хурыскаст — 05,31<br>Хурныгуылд — 18,35 | Валютæйы аргъ | Доллар — 79,73<br>Евро — 92,19 | 12 + |
|---|---|---|---|---|---|---|

Бынæттон хиуынаффæйад

# Библиотекæйы дæлхайæдты бындурон рацарæзт

**Дзæуджыхъæуы библиотекæты хызæджы 2- æмæ 4-æм дæлхайæдты бавнæлдтой бындурон рацарæзты куыстытæм. Цалцæджы фæстæ дыууæ филиалы дæр кусын райдайдзысты нырыккон технологитæй ифтонг библиотекæтæ.**

Уый тыххæй фехъусын кодта Цæгат Ирыстоны сæйраг горæты администрацийы пресс-службæ.



Зæгъæм, цалцæджы дизайн-проектмæ гæсгæ, 2-æм филиалы (æрбынæттон Кырджалийы уынджы, 29-æм хæдзары) рацараздзысты мидæггаг бæстыхæйттæ æмæ æддаг бакаст. Культурæйы кусæндон рагæй домдта йæхимæ араздзжыты цæстдард – бындурон цалцæг ма йæ скодтой æрмæстдæр 1986 азы. Куыстытæ куы ахицæн уой, уæд чиныгдон кусдзæн, куыд «бинонты» библиотекæ – хицæн фæзуæттæ дзы уыдзæн сывæллæттæн, æнахъомтæ æмæ ас адæмæн.

4-æм филиалы (уый та ис Къостайы проспекты, 92-æм хæдзары) бæстыхай фæстаг хатт сцалцæг кодтой 2011 азы. Ацы хатт араздзжытæ фылдæр æргом аздахдзысты библиотекæйы æддаг бакаст æмæ кусæндоны технологион ифтонгдзинадмæ.

Библиотекæты хызæджы рацарæзтыл дзургæйæ, Дзæуджыхъæуы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы сæргълæууæг **Милдзыхты Вячеслав** куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй ныридæгæн ноггонд цæуы чингуыты фонд дæр. Абоны онг уал балхæдтой чингуытæ 4 милуан сомы аргъ – классикон, нырыккон, бæстæзонæн, ахуырадон æмæ æндæр литературæ.

«Зæронд библиотекæтæ æрмæст цалцæг не скæндзыстæм, фæлæ сын бындуронæй рацараздзыстæм сæ куысты фæтк. 2- æмæ 4-æм филиалты бындурыл хъуамæ кусын райдайой рухсад, ахуырад, рæзгæ фæлтæр æмæ ас адæмы æппæтвæрсыг райрæзты бирæкъабазджын центртæ. Ахæм фæткы бындурыл ногдзинадтæ хаст цæудзæн библиотекæты горæтаг хызæджы иннæ хайæдты архайдмæ дæр», – радзырдта Милдзыхы-фырт.

**Дмитрий АСТАХОВ**

Аудынад

# Муниципалон программæйы фæрцы – ног цæрæнуæттæм

**Дзæуджыхъæуы дарддæр куыст цæуы адæмы кæлæддзаг хæдзæрттæй ног æппæтфадатджын цæрæнуæттæм раивыны муниципалон программæйыл. Хæстæгдæр бонты ма дæсгай бинонтæ æрцæрдзысты ног фатерты.**

Дзæуджыхъæуы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы цы 'хсызгон фембæлд сарæзтæуыд, уым сæ ног фатерты дæгъæлтæ райстой 86 горæтаг бинонты минæвæрттæ. Уыцы адæм ныронг цардысты Владикавказаг уынджы, 30/1-æм хæдзары. Уыцы кæлæддзаг бæстыхайæ ныр сæ бынат раивдзысты Хæдарцыфырты 39а хæдзармæ.

Кадджын æмбырды архайдтой æмæ ног фатерты хицæуттæн арфæ ракодтой Дзæуджыхъæуы Минæвæртты æмбырды сæрдар **Таболты Сергей** æмæ горæты администрацийы сæргълæууæджы хæдивджытæ.

Дзæуджыхъæуы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы разамонæджы хæдивæг **Хасцъæты Мæирбег** куыд радзырдта, афтæмæй амынд муниципалон программæ йæ тыхы ис 2005 азæй фæстæмæ. Уæдæй нырмæ ног фатертæм раивтой, кæлæддзаг хæдзæртты чи цард, уыцы 2,5 мин адæймаджы.



Администрацийы бæрнон кусджытæ куыд фæбæрæг кодтой, афтæмæй Владикавказаг уынджы, 30/1-æм хæдзар 1981 азы сарæзтой Дзæуджыхъæуы авджы заводы кусджытæн.

Æдæппæт хæдзары ис 129 фатеры. Æмæ ма дзы чи баззад, уыцы бинонтæн дæр азы кæронмæ ратдзысты ног фатертæ.

Ахæм фæткы бындурыл куыст цæуы программæйы иннæ уагæвæрдтыл дæр.

**Нæ уацхæссæг**

Не 'мдугонтæ

# Хъæубæсты хистæр сылгоймаг Варычкæ

**Ивгъуыд æнусы 60-æм азты райдайæны мах, Æрæфы районы Толдзгуын, Æхсæрысæр æмæ Елхъæбанты хъæуты хистæр скъоладзаутæ, ахуыр кодтам Хæзныдоны астæуккаг скъолайы. Нæхи хъæуты ахæм ахуырадон кусæндæттæ уæд нæма уыд, æрмæстдæр астазон скъолатæ.**

Хæзныдоны цардыстæм интернаты. Урокты фæстæ уым æрвыстам фылдæр нæ рæстæг – кодтам нæ хæдзармæ куыстытæ, архайдтам алыхуызон хиирхæфсæн-ахуырадон мадзæлтты, изæрыгæтты кастыстæм кинонывтæм хъæуы клубы, арæзтам хъазтизæртæ интернаты. Хъомылгæнджытæ нын уыдысты: Хъамболты Рæхимæт, Хъозиты Амырхан æмæ Дамбегты Сулейман.

Хæринаг та нын кодта Тинаты-Гецаты Варя, мах æй Варычкæ хуыдтам. Рæзгæ фæсивæд уыдыстæм, куыд фæзæгъынц, нæ тæккæ хæрыныл. Уый æмбæрста Варычкæ æмæ архайдта, цæмæй йæ конд хæринагæй разы уæм, нæ зæрдæмæ цæуа, раст цыма йæхи хъæбултæ уыдыстæм, ахæм зæрдæхæлар æмæ уарзæгой цæстæнгас нæм дардта. Скъола каст куы фестæм æмæ нæ алчидæр йæ дарддæры царды æмæ ахуыры хабæрттæ кæнынмæ алы рæттæм куы ацыд, уæддæр нæ рох никуы уыд Варычкæ, æхсызгонæй йæ мысыдыстæм...

Бирæ азтæ рацыд уæдæй нырмæ. Интернаты кæддæры хъомылгæнинæгтæй алчидæр ссардта йæ бынат царды æнæкæрон тыгъдады, систæм фыдæлтæ, мадæлтæ, суанг бабатæ æмæ нанатæ дæр. Хъыгагæн, нæ кæддæры æмгæрттæй, не 'мкъласонтæй чидæртæ немæ нал сты, рухс дзæнæты уæд сæ бынат... Фæлæ æвзонг азты рæстæг рох никуы у адæймагæй...



Сæ райгуырæн хъæуы хистæр сылгоймаджы ТИНАТЫ-ГЕЦАТЫ Варычкæйы бабæрæг æмæ йыл бацинтæ кæнынмæ 'рбацыдысты раздæры хæзныдойнæгтæ, абон та Толдзгуыны хъæуккаг дзæбæх чындзытæ ГЕГКИТЫ Цæрæкы чызг Фатъимæт æмæ ДÆГУЫЙТЫ Тазреты чызг Светланæ

Цалдæр боны размæ райхъуыст мæ телефоны дзæнгæрæг. Систон æй, дзурын, æнæзонгæ номыр у, æмæ дæ нæ зонын, бахатыр кæн, зæгъгæ. «Варычкæ дæн, Варычкæ! – райхъуыст сылгоймаджы фæлмæн хъæлæс. – Нал мæ хъуыды кæныс, Морис? Мæнæй абон дæр рох нæу, хæринаг уын куы кодтон, уæд мын-иу сугтæ куыд ныссастай æмæ сæ цæлгæнæнмæ куыд æрбахастай æнæзивæгæй... Ныр та, кæсыс, «Рæстдзинад»-ы кусыс, æхсызгонæй дын фæкæсын дæ уацхъуыдтæ...»

Куыд нæ бацин кодтон, уыцы ныхæстæ фехъусгæйæ – æгайтма ма сæрæн у, æгайтма нæ хъуыды кæны, нæ мæ ферох кодта! Зæрдиагæй арфæтæ ракодтон Варычкæйæн, афарстон æй йе 'нæниздзинады, йæ кæстæрты тыххæй. Загъта мын, йæ азтæм гæсгæ ма дзæбæх у (бацыд йæ 93-аг азы, у Хæзнылоны хистæр сылгоймаг). Йæ цардæмбал Хæмыцимæ схъомыл кодтой дыууæ фырты æмæ дыууæ чызджы, алкæмæн дæр дзы ис хорз бинонтæ. Хæмыц йæхæдæг æгас нал у, фæлæ йын йæ кæстæртæ æмæ уыдоны кæстæртæ бæрзонд хæссынц йæ ном, сты адæмимæ цæрæг... Ракуырдта мæ Варычкæ, фыссынмæ йыл куы хъавон, уæд йæ номæй зæрдиаг арфæтæ йæ чындз – Сехъоты Русланы чызг Зитæйæн куыд ракæнон. Йемæ цæрынц йæ лæппу Таймуразимæ, Зитæ кусынмæ Дзæуджыхъæумæ фæцæуы, фæлæ йæ иу уысм дæр æнæ фæкæсгæйæ нæ уадзы, зилы йæм йæхи мады хуызæн...

Æз Варычкæйы бафарстон, уацхъуыд куы рацæуа, уæд æй кæм бакæсдзынæ, ныртæккæ нæ газет рафыссыны хъуыддаг хуыздæрхъуаг куы у, зæгъгæ. «Ау, уый та дын цы ныхас у, Морис? – бахудт Варычкæ. – Æз алы аз дæр рафыссын газеттæ «Дигорæ», «Рæстдзинад», «Северная Осетия», журналтæ «Ирæф», «Мах дуг», сахуыр дæн, æмæ æнæ уыдонæй нал бафæраздзынæн».

Варычкæйы уыцы ныхæсты фæстæ мæм уæлдай тынгдæр бахъардта, нæ хистæр фæлтæры хъомылад алырдыгæй дæр куыд хъомысджындæр æмæ бындурондæр уыд, уый. Уый ныффидар сæ зондахасты нæ раздæры паддзахад, æхсæнад æмæ цардæй...

Нæ адæмы рæсугъд æгъдæуттæ макуы фесæфæнт!

**ХÆМЫЦАТЫ Морис**

Рох ничи у æмæ рох ницы у

# Сæ царды кæронмæ æнхъæлмæ кастысты

**Адæймаджы зæрдæ сæнкъуысы, хæсты быдырæй нæм чи нал сыздæхт, нæ уыцы цардбæллон сахъгуырдты хуызистытæм кæсгæйæ. Нæ адæмы хуыздæр, хъаруджындæр æмæ æхсарджындæр фæсивæды дзæвгар хай, мæнæ генофонд кæй хонынц, сомбоны ныфс æмæ бындур, сæ цард раттой Фыдыбæстæйы сæраппонд, нæ абоны фæлтæры сæрвæлтау...**



Рахизфарсы районы Ног Бæтæхъойыхъæуы ис Ворошиловы номыл уынг. Уырдыгæй Хъараты мыггаг дæр афæндараст кодтой сæ фæсивæды фронтмæ, уыдонæй фараст лæппуйы æмæ иу чызг нал федтой сæ уарзон бинонты, сæ райгуырæн хъæу. Хъараты Варя, Варычкæ – хæрзконд, бакастджын чызг уыдис æхсæг-радист бырсæг хæдтæхæджы. Уыцы хæстон куыст тæхджытæ сæхæдæг нымадтой уæлдай тæссагдæрыл. Тынг бæрнон уыди сæ архайд – рацимæ дæр къæрцхъусæй де 'ргом здах, стæй уыцы иу рæстæг пулеметæй дæр æхс знаджы хæдтæхджыты. Афтæмæй та сæ бынат ницæмæй хъахъхъæд уыди, нæдæр – æфсæнкъæйтæй, нæдæр – æндæр исты ахæмæй. Хæсты фыццаг азты уый аххосæй бирæ æхсæг-радисттæ фæмард сты. Иу ахæм уæлдæфон тохæй нал æрбаздæхт сæ аэродроммæ Хъараты Варя дæр.

Йе 'взонг цард Фыдыбæстæйы сæраппонд ратта 20-аздзыд Хъараты Хаджумар дæр. Номарæн чиныджы куыд фыст ис, афтæмæй Хаджумар фæмард Бресты облæсты, Каменецкий районы горæт Высокое, зæгъгæ, уый бынмæ 1942 азы июлы. Уыцы горæт хаудта Бресты 62-æм фидаргонд районмæ, уыдис дзы тугкалæн карз хæст не 'фсæдтæн фашистты æрдонгтимæ. Рæстæгмæ бацахстой Высокое немыцæгтæ, бирæ хъизæмæрттæ æмæ зындзинæдтæ æвзарын кодтой йæ цæрджытæн.

Хаджумары ныййарджытæ – Гоге æмæ Дзагкойæ нæ уырныдта сæ уарзон хъæбулы мæлæт, æмæ рыстзæрдæ мад æмæ фыд, цалынмæ цардысты, уæдмæ æнхъæлмæ кастысты. Мад йæ лæппуйы хуызист дардта зæрдæмæ хæстæг йæ риуы.

Уыдис зындгонд зарæггæнæг Владимир Высоцкиймæ, Хаджумары хуызæн мингай зынгхуыст фæсивæды ном кæм ары, ахæм зарæг «Недолюбил». Зæрдæ сриссы, йæ ныхæстæм хъусгæйæ.

Æгас нал сты Хаджумары мад æмæ фыд – Гоге æмæ Дзагко, фæлæ йæ нæ рох кæнынц йæ хотæ Езетхан æмæ Манийы цот æмæ цоты цот. Манийæн йæхи цардæмбал – Белеккаты Дрисы фырт Мирон дæр ацыд хæстмæ йæ тæккæ райдайæны æмæ æбæрæгæй фесæфт.

**ГАПБАТЫ Алетæ**

"Роспотребнадзор"-æй

# Джыбытæй уæхи хъахъхъæнут

**Джыбыты афон кæй райдыдта, уымæ гæсгæ Цæгат Ирыстоны "Роспотребнадзор" адæмæн сæ зæрдыл лæууын кæны, джыбытæ цы хæцгæ низтæ расайынц, уыдоны ныхмæ профилактикæйы мадзæлттæ.**



Джыбытæ раджы кæй райхъал сты, уым аххосджын сты æрдзы уавæртæ – хъарм зымæг æмæ рагуалдзæджы хурбонтæ. Специалисттæ куыд зæгъынц, афтæмæй джыбытæ Уæрæсейы скарз вæййынц мартъийы кæрон – апрелы райдайæны. Æмæ ацы аз дæр – афтæ. Фæлæ медицинон кусæндæттæ хъусын кæнынц, адæймагыл джыбы фæхæцыд, зæгъгæ, ахæм цаутæ ныридæгæн дæр иу æмæ дыууæ кæй не сты, уый.

– Мартъийы райдайæнæй нæ республикæйы кусæндæттæм фæхæццæ, адæймагыл джыбы кæй фæхæцыд, 11 ахæм хъасты. Джыбыты хуыз «Hyalomma» цæрынц быдырты, хъæууат æмæ æдзæрæг рæтты. Иннæтæй ацы джыбытæ сты ставддæр, уынгæ дæр хуыздæр кæнынц, æмæ сæ цæмæй цæгъдынц, ахæм мадзæлтты ныхмæ сты фидардæр. Иннæ джыбытæй æндæр ницæмæй хицæн кæнынц, – зæгъы Управленийы эпидемиологион цæстдарды хайады хицау **Цæрикъаты Мæдинæ**.

Джыбыты афоны райдайæнимæ Управленийы специалисттæ адæмæн амонынц сæ ныхмæ æххæстгæнинаг профилактикон мадзæлттæ.

Фыццаджыдæр, уæлæдарæс. Паркмæ, хъæдмæ, æрдзы бынатмæ фæлладуадзынмæ цæугæйæ, скæнын хъæуы ирд уæлæдарæс, цæмæй йыл джыбы бæрæг дара, стæй, æхгæд æмæ даргъдыстæ куыд уа, афтæ. Хæлафы кæрæттæ хъæуы ныццæвын цъында кæнæ къахыдарæсы. Сæрыл – капюшон кæнæ сæрбæттæн бабæттын.

Дыккаджы, уæлæдарæсмæ базилынæн, буары цъар бахъахъхъæнынæн пайда кæнын хъæуы репелленттæй, ома химион буаргъæдтæй.

Æртыккаджы, æрдзыхъæбысы уæвгæйæ, алы 15-20 минуты дæр адæймаг хъуамæ йæхимæ æмæ йæ уæлæдарæсмæ æркæса, уæлдайдæр, æфцæгготмæ æмæ, æнцъылдтытæ кæм ис, ахæм рæттæм.

Цыппæрæмы, хи хæдзæрттæ, дачæтæ кæмæн ис, уыдон сæрмагонд организациты æххуысæй джыбыты ныхмæ фæрæзтæй сæ зæххытæм хъуамæ базилой.

Джыбы куыддæр фæхæца, уæд хи мадзæлттæй архайын нæ хъæуы, фæлæ æвæстиатæй хъæуы, хæстæгдæр чи уа, уыцы медицинон кусæндонмæ фæтагъд кæнын.

**Нæ уацхæссæг**

Барадон фæтк

# Ногæй та – наркотикты æнæзакъон зилдух

**Дзæуджыхъæуы Терчыфалейы районы прокуратурæйы минæвар зылынгæнæн хатдзæгимæ раныхас кодта, республикæйы цæрджытæй иуы ныхмæ цы уголовон хъуыддаг сарæзтæуыд, уымæ тæрхондоны куы 'ркастысты, уæд.**

Тæрхондоны уынаффæйæ нæлгоймаг азымджыныл нымад æрцыд Уæрæсейы Уголовон кодексы 228-æм статьяйы 2-æм хайы («Наркотикон буаргъæды стыр бæрц æнæзакъонæй балхæнын æмæ йæ æфснайдæй дарын») бындурыл.

Слестгæнджытæ куыд раиртæстой, афтæмæй 2026 азы райдайæны гуырысхойаг балхæдта наркотикон буаргъæд – метадоны 1,27 граммы. Уыимæ, нæлгоймаг уыцы наркотик йæ хæдзары æфснайдæй дардта. Гуырысхойаг слестгæнджытæн куыд радзырдта, афтæмæй йæм фæнд нæ уыд наркотик дарддæр апарахат кæнын, йæхицæн æй æфснайдæй дардта. Ам зæгъын æмбæлы, нæлгоймаг амæй размæ дæр ма ахæм фыдракæнды тыххæй æфхæрд кæй баййæфта, уый дæр.

Ныр уголовон хъуыддаджы æппæт æууæлтæ равзæрста Дзæуджыхъæуы Советон районы тæрхондон. Аххосджынæн рахастой колонийы 4 азы æмæ 6 мæйы фæбадыны тæрхон. Уымæй уæлдай, паддзахады пайдайæн ист æрцыд, аххосджын йæ фыдвæндтæ цы чырæг телефоны фæрцы æххæст кодта, уый.

**РЦИ-Аланийы Прокуратурæйы пресс-службæ**

Цæстæнгас

# Уастырджийы бæх: æрткъахыг æви æртæкъахыг?

**Зындгонд куыд у, афтæмæй ирон адæмы национ хъæбатырон эпос «Нарты кадджытæ» иу æнæхъæн уацмысæй фыст не 'рцыд. Иуæй-иу хъуыдытæм гæсгæ, йæ равзæрд ахæссæн ис нæ эрæйы агъоммæ III-II миназмæ, æмæ йæ райдайæны цыдис фæлтæрæй-фæлтæрмæ.**



Эпосы сæйраг хуыз – йæ сæйраг сюжеттæ æмæ сæ архайджытæ сæвзæрдысты незаманты, Кавказы адæмты 'хсæн чырыстон æмæ пысылмон дин куы фæзынд, уымæй бирæ раздæр. Фæлæ, ирон æгъдæуттæ æмæ иуæй-иу терминтыл дзургæйæ, арæх сæмбæлæм зынæвзарæн дзырдтыл. Се 'цæг нысаниуджытæ ивд æрцæуынц фæстæдæр æрбайсгæ дзырдтæй, сакралон фæлгонцтæ та - хуымæтæджы (æнæнхъæлгæ) мырфæзмæнтæй.

Ирон адæмы бирæ æнусон историйы Уастырджи уыдис æппæты нымаддæр зæд. Уый у нæлгоймæгты, хæстонты, бæлццæтты бардуаг. Мæгуыр зæронд лæджы хуызы арæх фæзыны адæмы 'хсæн æмæ афтæмæй Стыр Хуыцау æмæ адæмы 'хсæн минæварæй æххуыс кæны адæмы тыхст хъуыддæгтæ аразын.

Уастырджи у æрмæстдæр нæлгоймæгты зæд, сылгоймæгтæ йын йæ ном дæр нæ дзурынц, хонынц æй «Лæгты Дзуар». Алайнаг Уастырджийы фæлгонц фæзынд скифаг-алайнаг дуджы, ирон адæм чырыстон дин куы райстой, уыцы замантæй бирæ раздæр.

Ирон адæмы зондахасты Уастырджи у тыхджын уæларвон цæрæг. Уый зоны тызмæг уæвын, мæсты кæнын æмæ суанг Стыр Хуыцауимæ дæр быцæу кæнын. Уымæ фæкувынц, фæкурынц дзы фидыд, цæмæй нæлгоймæгтæ хъахъхъæд æрцæуой тохы быдыры, фæуой фæндараст фæндагыл, цæмæй байраджы бæх скæна, лæппуйы – лæг.

Уастырджийы уаздзинад æмæ егъау тыхыл дзурæг сты Нарты кадджыты ахæм дзырдбæстытæ: «Уастырджи – де 'мбал», «Уастырджи, дæ сыгъзæрин базыры бын нæ бакæн!», «Уастырджи дын æххуысгæнæг уæд!» «Ракæс æмæ нæ бафæдзæхс, мæгуырты хъахъхъæнæг сыгъзæрин Уастырджи». Ахæм æмæ æндæр дзырдбæстытæй арæх фæпайда кæнынц Уастырджимæ кувджытæ, бафтауынц ма сæм йæ хуыз æмæ йæ хъару æвдисæг эпитеттæ: сыгъзæрин Уастырджи, сыгъзæрин базыр Уастырджи, цырддзаст Уастырджи.

Ирон адæмы фыдæлтæ алантæ æмæ сæрмæттæн сæ дины бæрзонд æвæрд уыд Уæларвон барæг. Рагон ирайнаг мифологийы уыди Митрий (бадзырд æмæ хуры бардуаг), кæнæ Веретрангы (хæсты уæлахиз æмæ тыхы Хуыцау) хуызæн зæдтæ. Алантæм уыцы фæлгонц рахызт тыхджын хæстонæй. Уый суанг уыцы рæстæг уыд нæлгоймæгты, бæхты, бæлццæтты бардуаг. Уыдис ын йæхи алайнаг ном, фæлæ нæм, хъыгагæн, нал æрхæццæ, уымæн æмæ йæ баивта дзырд «Уастырджи», кæд йæ нысанæй хаст æмæ рæстдзинады ирайнаг Хуыцауæй баззад, уæддæр. Ууыл цæуы мин азæй фылдæр.

Индоирайнаг мифологийы арт æмæ хур баст сты бæхимæ. Ирыстоны Гуманитарон иртасæнты институты æрыгон кусджытæ сæ куыстыты бафиппайдтой уый, æмæ уыцы дыууæ дзырды хицæндзинад бæлвырд грамматикон формæты «фæцуманты зæды æрныллæг кæнын, уыимæ та йын йæ национ хуыз фæкъахыр кæнын.

1. Ныхмæвæрд: Уастырджи – диссаджы барæг, минæвар дунеты 'хсæн. Архаикон зондахасты сахъат цæрæ-

Уастырджийæн бæх у йæ æнæфæхицæнгæнгæ хай. Æнæ бæхæй кувæг лæг æмбаргæ дæр нæ кæны, Уастырджи æмæ æртæкъахыг бæх Æфсургъæн Нарты кадджыты уæлдай нысаниуæг æмæ бынат кæй ис. Уый хайджын у диссаджы миниуджытæй.

Бирæ рæстæджы Нарты кадджыты тæлмацтæ æмæ наукон куыстыты Уастырджийы бæх хуыдтой «æртæкъахыг». Уыцы æнахуыр фæлгонц ныффидар дзыллон культурæйы, Хуыцауы дугъонæй та рауад мифологон сахъат. Ахæм ивддзинæдтæ æрныллæг, æрзæххон кодтой нарты кадджыты уæларвон бæхы фæлгонц.

Фольклористты, фыстæджыты «Арт» «æртæ»-йæ ивд æрцыд, уыцы дзырдтæ фонетикон æгъдауæй æнгæс кæй сты, уымæ гæсгæ. Иуæй-иу иртасджыты, зæгъæм, зындгонд лингвист, фольклорист æмæ иранист Абайты Васо йæ этимологон иртасæнты иу æмæ дыууæ хатты нæ амыдта, æмзæл дзырдтæ хъуыдыйады мидис кæй баивынц, уый. Васо «æртæкъахыг» арæхдæр æвзæрста, индоирайнаг Вишнуйы æртæ къахдзæфимæ баргæйæ, æмæ разы уыд, æрткъахыг бæх, хур цы зæд нысан кæны, уый кæй у. Уастырджи йæ хъуыдымæ гæсгæ, уымæ ис дымгæ æмæ хæсты ариаг Хуыцау Вайюйы миниуджытæ.

Этнограф Санаты Дзантемыр йæ рагон этнографион очеркты арæх нысан кодта æмæ æргом здæхта, бæхы барæгæй цы рухс æмæ арт цыд, уымæ. Уый бындур дæтты нæ хъуыдыйæн, рæстæджы цыд æмзæлдзинад «æрткъах» «æртæ къах»-æй кæй баивта, уымæн. Цæгат

ды», уымæ гæсгæ уый, гæнæн ис, рæдийын кодта таурæгъты фыццаг æмбырдгæнджытæ Петр Услар, Всеволод Миллеры.

Ахæм хъуыдыимæ разы у Дарчиты Алыксандр дæр. «Артхуыз» бæхимæ баст мах хъуыды бафидаргæнæн ис текстæн йæхицæй, уым зынынц Уастырджийы бæхы тæхгæ цæхæртæ:

**«Уастырджи бадти йæ урсурсид бæхыл,**
**Йæ бæхы къæхтæ – арт...**
**Кæдæм фæкæсы, уым – рухс,**
**Кæдæм фæцæуы, уым зæхх нæры...»**

Мах, «æртæкъахыг» дзургæйæ, аразæм гуылмызы (сахъаты) фæлгонц. «Артхуыз» куы фæзæгъæм, уæд та нæ разы сысты аланты мифологи, уым барæг – Зæды бæх у космосон артсирвæзты иу хай, уæларвон хицаудзинад æмæ сыгъдæгдзинады нысан. Уый у, цы рæдыд æвзарæм, уымæн йæ ратæдзæн. Текстты куы æркæсæм, уæд фендзыстæм: æрткъахыджы æмбарынад тыхарæзт у, æмæ уый дзурæг у, таурæгъ рæдыдмæ гæсгæ арæзт кæй у.

Иуæй-иу фольклорон хуызты таурæгъгæнджытæ (дзырд «æртæ») сæ зæрдыл бадаргæйæ) сæхи раст кæнынц ахæм хъуыдыйæ, зæгъгæ, иу нæртон куывды кæнæ Стыр Хуыцауимæ, кæнæ æндæр зæдтимæ Уастырджи фæбыцæу, æмæ йын йæ бæхы фæцæф кодтой, йæ иу къах ын ахауын кодтой. Кæнæ та æртæ къахы бæхæн фадат дæттынц хæхты æртæ цъуппыл лæууын æмæ дунемæ фæлгæсынæн.

Мах хъуыдымæ гæсгæ, уыдон сты рæдыд, æнæбындур хъуыдытæ. Уыцы рæдыдтытæ хуымæтæджы не сты: сæ нысан у незагой (æнæкъах) у дæлдзиныджы, дæлдунеимæ, дæлимонтимæ бастдзинады нысан, æмæ уымæ иумæйагæй æппындæр ницы ис Уастырджийы цæхæркалгæ фæлгонцимæ. Æртæкъахыг (къуылых) æмæ æрткъахы (рухсхæссæг) 'хсæн ис æнæкæрон хицæндзинад: «æрткъахыг» домы сраст кæнын. Уый фæлгонц кæны зæххон, æнахуыр, æнæхъола.

2. Нарты хъæбатырты таурæгъты бæхтæ æдзухдæр æвдыст цæуынц хъаруджынæй æмæ цæхæркалгæйæ.

«Æртæ къахы» æмбарынад фæзыны, таурæгъгæнæджы æвзаджы незаманты уидаг «Арт» сæфын кæм райдайы, уым. Куыд хъуыды кæнæм афтæмæй, рæдыд æрцыд, тæлмацгæнæг куыд бамбæрста æмæ куыд фехъуыста, уым.

Таурæгътæ æмбырдгæнæгмæ (уæлдайдæр, кæд уый архаикон диалект тынг хорз нæ зыдта) дзырд «æрт-къах»-ыг» фехъуыст «æртæ-къах-ыг».

Йæ бæхы къæхтæ – арт.

Уастырджийы къæхты бынæй цæуы, барæг цы рухс, цы артæй конд у, уый.

Нарты кадджыты сæйрагдæр бынаты рухс æмæ арт кæй сты, уый æвдисы, фæлгонц æндæр дунейæ кæй у, уый æмæ фидар кæны нæ хъуыды.

Таурæгъты Уастырджийы дугътæ цы бынæтты фыст цæуынц, уым æргом здæхт цæуы рухс æмæ артмæ: «Æмæ уæд Уастырджи фæцагайдта йæ урс-урсид бæхы. Атахт бæх арв æмæ зæххы 'хсæн, æмæ, йæ сæфтджы-

тæ зæххыл кæм æндзæвдысты, уым рыг нæ сыстад, фæлæ арт, цæхæртæ калдысты, æмæ йæ къæхтæй арты æвзæгтæ бырстой, фæндаг арвæрттывдау рухсгæнгæ. Нæ зынди уыцы дугъы фæллады миниуджытæ, уымæн æмæ барæджы хаста цæрæгой нæ, фæлæ сыгъдæг уæларвон арт».

«Йæ бæхы къæхтæ – арт».

«Хъуыдыйæ тагъддæр тæхы йæ бæх, йæ сæфтджытæ кæрдæгыл не 'ндзæвынц, йæ къæхты бын та – æгъуысгæ арты цæхæртæ».

Ам иу ныхас дæр нæй бæхы къахцухы тыххæй. Уый нæ, фæлæ ма «Йæ бæхы къæхтæ сты арт». Уый комкоммæ амоны цæхæрджын, артджын, уый та ирон мифологийы дзурæг у йæ æрвон хуызыл, æнахуыр тагъдады нысаныл, æвдыст дзы цæуы уæлдай хъару – арт, цæхæр, рухс.

«Стъæлфæнтæ калгæ» кæнæ «зынг калгæ». Кæд бæхы къæхтæй арт цæуы, уæд уый у æрткъахыг.

Хатдзæг: «Æртæ къахы» рæдыд баст у метафорæйæ арифметикæмæ рахызтимæ. Æрткъæхтæ бæхæн фадат дæттынц æрмæст зæххыл тæхынæн нæ, фæлæ ма хъуыдыйæ тагъддæр дунетыл æрзилынæн дæр. Ирон мифологийы арт у сыгъдæггæнæг тых, уый та ис æрмæст уæларвон тыхтæм. Уыцы арт æмдых у хуры тынтимæ. Уастырджи, ахæм бæхыл бадгæйæ, йæхæдæг свæййы цард ды хъарм æмæ рухс тауæг, ууыл дзурæг у рæнхъ: «Кæдæм бакæсы, уым ныррухс вæййы». Уастырджийы бæхы æрдзон артхуыз, цæхæрхуызмæ хъусдард мах ахæссы эпосы дзырды рагондæр хуызмæ, уый у ахсджиаг къæпхæн йæ иртасынмæ, æмæ фæлгонц здахы йæ раст историмæ, йæ æрдзон хуызмæ.

Бафиппайын хъæуы уый, æмæ æртæкъахыг бæхы фæлгонц адæймаджы æфтауы лæмæгъдзинады хъуыдытыл, уыцы рæстæг «æрткъахыг» та у уæларвон хъаруйы метафорæ, æппæты тыхджындæр хъаруйыл дзурæг. Афтæмæй, мах хъуыды æрмæст лингвистикон рæдыд сраст кæныныл дзурæг нæу, уый у фæрсагон хъуыдыйæ уæлахизмæ раздæхыны фæнд.

Æрткъахыг у æхсар, тагъддзинад æмæ уæларвон тыхы æрдзон хуыз.

Уыцы барæг æрмæст тæхгæ нæ кæны, фæлæ йæ хъаруйæ батоны, цы тыгъдады фæзыны, уый.

Дзырд «æрткъахыг» Уастырджийы фæлгонц сыгъдæг кæны æнусты дæргъы йыл сбадæг рæдыд тæлмацтæй. Уый фæсивæдæн æвдисы фыццаг растæмбарынад – сæ бардуаджы бæх æнахуыр сахъат бæх кæй нæу, фæлæ уæларвон зынджы паддзах.

«Æртæкъахыг»-ы бæсты «æрткъах»-ы хъуыды æрмæст раст нæу, уый ма Уастырджийы фæлгонцæн дæтты йе 'цæг арион тых, фадат дæтты йæ национ миниуæг ын дзырддагæй бахизынæн æмæ эпос бæлвырддæр æмбарынæн.

**КОКОЙТЫ Таймураз,**
**Хуссар Ирыстоны паддзахадон университеты биологийы кафедрæйы сæргълæууæг, профессор, Хетæгкаты Къостайы премийы лауреат**

Хуссар Ирыстонæй

# Фæллойы ветеран

**Ног газеттæ æмæ журналтæ, фыстæджытæ, пенситæ æмæ пособитæ æфснайд кæм вæййынц, ахæм хызынимæ, боныхъæды цыфæнды уавæртæ нæ нымайгæйæ, Цхинвалы районы Хетæгкаты хъæуы постхæссæг, республикæйы бастдзинады сгуыхт кусæг ТАСОЙТЫ Нателлæ йæ куысты хæстæ æххæст кæнынмæ алы кусгæ бон æнæзивæгæй рацæуы.**



Хъæуы цæрджытæ йæ зонынц æмæ йыл арæх æхсызгонæй сæмбæлынц. Адæймаг йæ равзæрст дæсныйадыл æнувыд кæй у, уымæн æвдисæн – ацы сылгоймаджы цардвæндаг.

Нателлæ райгуырд 1952 азы Цхинвалы бирæсывæллонджын хæдзары. Йæ фыд Исидор уыд Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайæг. Нæлгоймаг тохы быдырæй сыздæхт схъисдзæфтимæ, æмæ йæ цæрæнбонты хъыгдæрдтой. Мад уыд хæдзары æфсин, хъомыл кодта цоты. Бинонтæ цæмæй хæларæй цæрой æмæ фæллой кæнын уарзой, ныййарæг уыдæттæн ахъаз кодта.

Хетæгкаты Къостайы хъæуы скъолайы астæуккаг ахуырад райсыны фæстæ Нателлæ каст фæци бухгалтеры курсытæ æмæ дæсныйадмæ гæсгæ куыста æфснайæн банчы. Уыцы куыст адæймагæй домы цырддзастдзинад æмæ бæлвырддзинад. Ацы миниуджытæ Нателлæйæн фæстæдæр бахъуыдысты посты хайады куысты заман дæр.

1985 аз Нателлæйы мой Бæззаты Агавик æвирхъауæй фæмард. Уымæй цалдæр азы раздæр сылгоймаджы ныййарджытæ дæр се 'цæг дунемæ ацыдысты, æмæ Нателлæ, царды зын уавæртæ нæ нымайгæйæ, иунæгæй йæ дыууæ сывæллоны хъомыл кодта. Сабитыл узæлын кæй хъæуы, уый хынцгæйæ, ныййарæг йæхицæн æнкъард кæныны бар нæ лæвæрдта. Ныр Нателлæ сæрыстырæй дзуры йæ хъæбулты фондз хъæбулы æмæ æххуысадон хæдзарады тыххæй хабæрттæ. Æнæ ацы хæдзарадæй нырыккон зын уавæрты æнцон нæу хъæуы цæрын.

Нателлæ бастдзинады къабазы кусын райдыдта 1986 азы. 1991 азы онг сылгоймаг лæууыд Хетæгкаты хъæуы посты хайады сæргъы. Уыцы заман бастдзинады хайады куыстой фондз адæймаджы. Куыст æнæкъуыхцыйæ цыд.

– Стæмтæй фæстæмæ алы хæдзар дæр газеттæ æмæ журналтæ фыста. Адæм гæххæттыл мыхуыргонд æрмæджытæ æхсызгонæй кастысты. Постхæсджытæ нымад уыдысты стыр дунеимæ дзыллæты бæттæг цæгтыл. Адæм дзыллон хабархæссæг фæрæзты мыхуыргонд æрмæджытыл зæрдиагæй ныхас кодтой, редакцитæм фыстæджытæ æрвыстой. Абон та стæм хæдзæрттæ рафыссынц газеттæ, фæсивæд арæхдæр ног хабæрттæ базонынц газеттæй нæ, фæлæ интернетæй. Газеттæ чи рафыссы, уыдонæн сæ фылдæр хай сты ацæргæ адæймæгтæ, – зæгъы Нателлæ.

Ацы сылгоймаджы банымайæн ис фæлтæртæ иугæнæг адæймагыл. Хетæгкаты хъæуы цæрæг адæм республикон дзыллон хабархæссæг фæрæзтæ парахатæй цæмæй рафыссой, Нателлæ уымæн ахъаз кæны. Æмхъæуккæгтæ куысты хæстыл æнувыд сылгоймагæй бузныг сты. Райсомæй хъæуы центрыл æрзилæг постхæссæг фæстæдæр бахæццæ вæййы хъæугæрæттæм. Хур уа, къæвда – сылгоймаг æмхъæуккæгтæм газеттæ, журналтæ, фыстæджытæ, стæй пенситæ æмæ пособитæ афоныл бахæццæ кæны.

Хъæуы цæрæг адæм куысты хæстæ бæрнонæй æххæстгæнæг постхæссæгæн кад кæнынц. Цард Нателлæйы хуызæн æнæхин, зæрдæхæлар адæймæгтæй кæй фидауы, уый дызæрдыггаг нæу.

**ХЪÆЦМÆЗТЫ Зæлинæ**

Поэзи

**КЪАДЗАТЫ Станислав**

## Нарон – планетарон

***Къостайы уылæныл –***
***Нæ зæрдæ, нæ зонд,***
***Йæ диссаг уæлтæмæн***
***У афтæ бæрзонд –***

***Къоста ныр дæр нæ ис, нæ бис у,***
***Æфтауы нæ йæ тохæй дисы,***
***Цæуы нæм абон дæр фæдисы,***
***Нæ удты сау ызгæ куы исы.***

***Къоста нын Бонвæрнон-ыстъалы.***
***Нæртон ныфсæн цæхæртæ калы.***

***

*Цъуппытæн сæ рухсдæр,*
*Бæрзæндтæн сæ уаздæр,*
*Удтæн уый æнустæм –*
*Алæмæты дзагдар.*

*Дун-дунейы ристæ*
*Чи фæразы афтæ –*
*Уды ризгæ хъистæй*
*Фарны зарæг уафгæ!*

*Стъалы-дзырдтæ иууылдæр – æгас*
*Ссыгъта сæ æгъуыстаг артæн,*
*Систа арвы цъупмæ Иры цъасс*
*Хетæджы-фырт йе сгуыхт цардæй.*

***

***Къоста ныр дæр нæ разæй –***
***Хъæбатыр æмæ уазæй***
***Хæхбæстæй хох-лæг –***
***Рæстагон тохæн.***
***Ныр мах йæ цæсты –***
***Кæцон, цы бæстон?***

***

*Цы фестут, нæ адæм?!*
*Кæм ыстут, нæ дзыллæ?!*
*Нæ номæн, нæ кадæн*
*Нæ абон – цы зынгæн?*

***

***Уадтымыгъ у рæстæг –***
***Ауæрдын нæ зоны:***
***Ивы нын нæ хъæстæ***
***Дардбæстаг быроныл.***

***Интернеты хызы***
***Махмæ зин æрхъуызы,***
***У йæ сайд æвдхуызон,***
***Цард тæры æгъуызмæ.***

***

*Нал нæм ис тæрхоны бартæ хъодыйæн,*
*Цард нын ног диссæгтæ уафы:*
*Рагæй нæм у хъазы цæсгом модæйы,*
*Гъеныр ма йыл бабыз-былтæ бафтыд...*

***

***Нæ дуг нын фезнаг,***
***Куы сафы уд,***
***Фæцæуы не 'взаг,***
***Фæцæуы туг.***
***Цы ма стæм, оххай,***
***Фыдæлтæн ныр?!***
***Йæ хъул фыдохæн***
***Куы бады фыр.***

***Æхцайы азар***
***Куы судзы зæхх,***
***Куы зæрды базар***
***Нæ мастыл цæхх...***

***

*Иууылдæр уæйгæнджытæ куы суой,*
*Чи ма дуцдзæн зæххæй сой?!.*
*Иууылдæр куы суой уæйгæнджытæ,*
*Гъеуæд ма кæцæй – æлхæнджытæ?!.*

***

***Поэт – мæгуыргуры бынаты,***
***Уæддæр сæрибар у йæ Дзырд.***
***Æмæ йæ сыгъдæг уд, йæ кадыл***
***Къæм дæр нæ уадзы бадын, рыг.***

***Поэт – мæгуыргуры бынаты,***
***Уæддæр Рæстдзинад у йæ хур,***
***Æмæ бæрæгбоны уа, къаты***
***Тæхынц æм зæдтæ дæр зынггур.***

## Диссаг

*Нæ фынты ма бирæ уындзыстæм,*
*Мæгуырæй куыд хъæздыг уыдыстæм!..*
*Фырхъалæй, фырхъæздыгæй ныр*
*Нæ удтæ – мæрдвынæй, мæгуыр.*

***

***Дон хиды бынты***
***Адæмон ныхас.***

***Хиды бынты – рæстæг,***
***Хиды бынты – дуг,***
***Хиды бынты – хæрзтæ,***
***Хиды бынты – уд.***

***Дугивæн нын – тугивæн,***
***Оххай-гъе, уæууæй!***
***Ивæзы нæм удивæн***
***Цал азы, кæдæй!***

***

*Раст ныхас нал хъæуы ам,*
*Уды сæрибар нын – мамм,*

*Уарзæм мæнг ныхæсты «хъарм»,*
*Дурау мæрдвынæй – æфсарм,*
*Уарзæм дзæнгæда, æппæлд,*
*Алкæд фæлитойтæн – сæрд,*

*Кусæг та саузымы – стъæлд...*

***

***Чи цас хъæуы адæмы,***
***Уыйбæрц у æгас!***
***Иу уæлхъæдæй амæлы –***
***Нæй дзы мур дæр тавс,***
***Иннæ хурау алкæуыл***
***Байуары йæ уарзт.***

***

*Нæ къухы бафтдзæн алцыдæр,*
*Уыдзæн нæ фидæн разы,*
*Æгъдау куы уа нæ балцы сæр,*
*Æфсарм куы цæуа разæй.*

Спортивон фидиуæг



Хъæбысхæст

# Æвзонг богæлттæ ссардтой Бесичы рухс ном

**Дзæуджыхъæуы Хъæбысхæсты сæрмагонд цæттæгæнæн центры 4-5 апрелы уæгъдибар хъæбысхæстæй цыдысты спорты сгуыхт мастер, дунейы цыппар хатты чемпион, Олимпиаг хъæзтыты 2-аг æмæ 3-аг бынæттæ бацахсæг КЪУДУХТЫ Бесичы номарæн турнир.**

Ерыстæ арæзт æрцыдысты 2015-2016 азты гуырд лæппутæн æмæ рауадысты тынг зæрдæмæдзæугæ. Сæ гом кæныны мадзалы æвзонг спортсментæн зæрдиаг арфæтæ ракодтой: РЦИ-Аланийы физикон культурæ æмæ спорты министр **Фрайты Сослан**, спорты сгуыхт мастертæ. Олимпиаг хъæзтыты уæлахиздзаутæ **Сидахъаты Зауырбег** æмæ **Рæмонты Сослан**, Европæйы чемпион **Уалыты Чермен**, РЦИ-Аланийы иугонд командæйы хистæр тренер **Санаты Георги**, Уæрæсейы сгуыхт тренер **Æрчъегкаты Тотрадз**.



Ахæм зындгонд хистæрты арфæтæ ноджы тынгдæр сразæнгард кодтой æвзонг богæлтты уæлахизмæ тырнынмæ, æмæ гауызыл æвдыстой се 'ппæт зонындзинæдтæ дæр. Спортуарзджытæн сæ зæрдæтæ балхæдта, 10-11-аздзыд лæппутæ гауызыл куыд зæрдиагæй тырныдтой уæлахизмæ æмæ абоны онг цы хъæбысхæсты фæзилæнтæ базыдтой, уыдонæй спайда кæнынил куыд архайдтой, уый. Æнæмæнг, ацы кары лæппуты 'хсæн рæзынц къорд курдиатджын богалы æмæ, уый уынгæйæ, уырны нæ хъæбысхæсты скъолайæн ма бирæ сгуыхтдзинæдтæ кæй бантысдзæн, уый.

Уæлдай æхсызгондæр уыди, кæронбæттæны ерыстæ куыд цыдысты, уымæ кæсын. Финалон фембæлдтытæ се 'ппæт дæр ахицæн сты стыр хыгъдтимæ. Уый дзурæг у, æвзонг богæлттæ кæд æнæрæдигæ нæ уыдысты, уæддæр æрмæстдæр фæуæлахиз уæвынмæ кæй тырныдтой, ууыл.

Æппæты рогдæр уæзы, 26 кг – 1-аг бынат рамбылдта Республикон спортивон скъолайы хъомылгæнинаг **Темырты Сослан**. 28 кг онг уæзы фыццаг бынат бацахста Алагиры минæвар, æвзонг богал **Гæззаты Азæмæт**. Тынг уынддзын рауад 30 кг онг уæзы кæронбæттæны фембæлд **Хетæгкаты Зауыр** (Алагир) æмæ **Зассеты Арсæмæджы** (Цхинвал) 'хсæн. Фембæлды фыццаг разæй цыд Хетæгкаты Зауыр 6:0, 8:2, 10:9 хыгъдæй, фæлæ цхинвайлаг богалæн фембæлды фæстаг минуты кæрон бантыст дыууæ баллы рамбулын æмæ афтæмæй уæлахиздзау сси Зассеты Арсæмæг. Цымыдисаг рауадысты иннæ фембæлдтытæ дæр.

Æппынфæстаг 1-аг бынæттæ бацахстой: 32 кг – **Годжиты Сæрмæт** (Æрыдон), 35 кг **Балаты Роберт** (клуб ММА), 38 кг – **Быценты Артем** (Елхот), 41 кг – **Ботъоты Аслан** (Хæдарцаты Асланы номыл хъæбысхæсты академи), 44 кг – **Агъныты Игорь** (Горæтгæрон район), 48 кг – **Багаты Ренат** (спортивон клуб «Олимп»), 52 кг – **Къодоты Æхсæртæг** (Республикæ Хуссар Ирыстон), 57 кг – **Борæдзаты Марат** (спортивон клуб «Олимп»), +57 кг – **Æлборты Аслан** (Æрыдон).

Уæлахиздзаутæ æмæ призон бынæттæ бацахсджытæ хорзæхджын систы майдантæ, грамотæтæ, дипломтæ æмæ кубоктæй. Сæрмагонд хæрзиуæг «Æппæты хуыздæр техникон цæттæдзинад равдисæг» – лæвæрд æрцыд Хæдарцаты Асланы номыл хъæбысхæсты академийы хъомылгæнинаг **Джыгкайты Давидæн**.

Хицæн спортсментæй уæлдай ма бæрæггонд æрцыдысты командон бынæттæ дæр. Æппæты фылдæр очкотæ æрæмбырд кодтой спортивон клуб «Олимп»-ы хъомылгæнинæгтæ æмæ 143 очкоимæ бацахстой 1-аг бынат. 2-аг бынатмæ 130 очкоимæ рацыди Æрыдоны командæ, 3-аг та ссис Республикон спортивон скъолайы командæ.

Уæлахиздзаутæ æмæ призон бынæттæ бацахсджытæн сæ хæрзиуджытæ ратджытимæ уыдысты нæ спорты хъайтартæ Сидахъаты Зауырбег, Рæмонты Сослан, Уалыты Чермен. Уыдон ма сæхи хардзæй лæвæрттæ ракодтой фыццаг бынæттæ æмæ призон бынæттæ бацахсæг богæлттæн.

Турнир саразджыты номæй **Кокойты Руслан** зæрдиаг арфæ ракодта, сæ фарсмæ чи 'рбалæууыд уыцы хæрзгæнджытæ **Джыгкайты Георги**, **Малиты Чермен**, **Токаты Зауырбег**, Сидахъаты Зауырбег, Уалыты Чермен æмæ иннæтæн: «Уыдоны фæрцы нын бантыст уæлахиздзаутæ æмæ призон бынæттæ бацахсæг лæппутæн хæрзиуджытæ æмæ ма æхцайы лæвæрттæ дæр скæнын. Ахæм турниртæ тынг хъæуынц нæ кæстæр спортсменты райрæзтæн æмæ нæ зæрды ис, Бесичы номарæн турнир æрвылазон скæнын!», – загъта Кокойты Руслан.

Сæ хорз фæнд сын бантысæд!

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

### ТАХЪАЗТЫ В. ДЗ.

Мæскуыйы рынчындоны йæ царды 67-æм азыл ахицæн Тахъазты Дзантемыры фырт Валери. Тахъазы-фырт уыд наукон æмæ æхсæнадон архайæг, публицист, наукæты доктор, æрдзон наукæты Уæрæсейы Академийы уæнг-уацхæссæг.

Тахъазты В. Дз. райгуырд 1959 азы Лескены хъæуы, каст фæцис Ленинграды паддзахадон университеты журналистикæйы факультет 1983 азы. Æнтыстджынæй бахъахъхъæдта кандидаты диссертаци, фæстæдæр – 1998 азы та – докторы диссертаци. Йæ уд снывонд кодта национ журналистикæ, XIX æмæ XX-æм æнусты Ирыстоны литературон змæлд раиртасынæн.

Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты Ирон филологи æмæ журналистикæйы факультетæн разамынд лæвæрдта 1999 азæй 2001 азмæ. 2001 азы ссис



Бетъырбухы паддзахадон университеты дунеон журналистикæйы кафедрæйы профессор, куыста бирæ алыхуызон уæлдæр ахуыргæнæндæтты. Цæттæ кодта дунеон æмвæзады аспирантты. Йæ наукон куыст никуы уагъта, ныффыста 90 наукон куысты.

2021 азы дунейы рухс федта чиныг «Я родился в Лескене», рауад уды хъармдзинæдтæй, рухс æнкъарæнтæй хайджын. Равдыста йæ райгуырæн хъæу, йæ царды фæндæгтæ, йæ куыст, йæ архайд. Цы æрдзон цыргъзонддзинад æм уыд, уый руаджы равдыста хæххон чысыл лæппуйы фæндаг Бетъырбухы университеты профессоры онг. Стыр уарзондзинадимæ фыста йæ ныййарджыты, йæ хистæрты, йæ хъæуккæгты тыххæй.

Тахъазты Валерийы бавæрдзысты йæ райгуырæн хъæу Лескены, Дзæуджыхъæуы, Весенняйы уынджы 7/2 хæдзары йын фæндараст зæгъдзысты 9 апрелы.

**Æмбæлтты къорд**

Номарæн изæр

# «ЦАРД. ТЕАТР. УАРЗТ»

**РЦИ-Аланийы Национ наукон библиотекæйы уыд УФ-йы æмæ ЦИАССР-йы адæмон артист, К.Станиславскийы номыл паддзахадон премийы лауреат, Цæгат Ирыстоны Тæбæхсæуты Балойы номыл Ирон академион театры актер СЛАНТЫ Къоста æмæ йæ бинойнаг ЦИАССР-йы адæмон артисткæ КОЧЫСАТЫ Зояйы номарæн изæр «Цард. Театр. Уарзт». Арæзт æрцыд Ирон профессионалон театры 90 азы юбилейы кадæн Национ наукон библиотекæ æмæ Дзæуджыхъæуы Хетæгкаты Къостайы номыл Ирон литературæйы музейы хъæппæрисæй.**



Хæдбындур ирд æмæ зæрдæагайгæ сценикон курдиаты хицау уыдысты Къоста æмæ Зоя. Сæ дыууæ дæр ахуыр кодтой Цæгат Ирыстоны драмон театры цур скъола-студийы. Каст æй куы фесты, уæд дзы сæ фыццаг сфæлдыстадон къахдзæфтæй уайтагъддæр ссардтой фæндаг театрдзауты фæлтæрты зæрдæтæм. Куыд царды, афтæ сценæйы дæр Къоста æмæ Зоя кæрæдзийы æмбæрстой цæстæнгасæй дæр. Ирон, уырыссаг æмæ дунеон драматургийы уацмыстæм



гæсгæ нæ театры цы спектакльтæ æвæрд цыд, уыдоны сæ дыууæйæн дæр режиссертæ бар кодтой сæйраг архайджыты сурæттæ аразын. Æмхуызон хорз сын æнтыст комедитæ, трагедитæ æмæ драмæты сæ курдиат æвдисын. Музыкалон курдиат сæм кæй уыд, уымæ гæсгæ ма суанг ирон композиторты фыст оперæтæ æмæ опереттæты дæр архайдтой.

Уæдæ Сланты Къоста аивадон кинонывты цы сурæттæ сарæзта, уыдонæй дæр сæ алкæцы, куыд йæ театралон фæлгонцтæ, афтæ уыд хæдхуыз æмæ зæрдæмæдзæугæ.

Сланты Къоста æмæ Кочысаты Зоя бирæ хæрзты бацыдысты Цæгат Ирыстоны паддзахадон радиойæн дæр. Сæ аив сыгъдæг ирон хъæлæсты руаджы ацы артдзæсты архивы магнитофоны лентыл фыстæй баззадысты ирон фысджытæй алы фæлтæрты прозаикон æмæ поэтикон уацмыстæ æмæ зарджытæ.

Номарæн изæры зындгонд артистты тыххæй сæ мысинæгтæ радзырдтой Национ наукон библиотекæйы хайады методист **Хъараты Ритæ**, нæ республикæйы адæмон артисттæ **Цырыхаты Розæ**, **Брытъиаты Риммæ**, УФ-йы сгуыхт артисткæ **Мелыкаты Замирæт**, газет «Рæстдзинад»-ы сæрмагонд уацхæссæг, театр æмæ кинойы артист, журналист, амонæг, Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны культурæйы сгуыхт кусæг **Баскаты Уырызмæг**, Олгинскæйы хъæуы Культурæйы хæдзары директор, РЦИ-Аланийы культурæйы сгуыхт кусæг **Алыккаты Ларисæ**, Сланты Къостайы цард æмæ сфæлдыстадыл фыст монографийы автор, журналист, ахуыргæнæг **Гуымецъаты Зæринæ**, Къоста æмæ Зояйы чызджы чызг **Сланты Элинæ**.

Мысæн изæры архайджытæ æмæ уазджытæ æхсызгонæй байхъуыстой æмæ бакастысты, адæмы уарзон артисттæ цы спектакльтæ, кинонывтæ æмæ радиобакастыты архайдтой, уыдоны къамты слайдтæм, видео- æмæ аудиоæрмæджытæм.

Номарæн изæры кæрон йæ саразджытæ æмæ архайджытæн, уазджытæн арфæ ракодта Кочысаты мыггаджы советы минæвар **Хъазыбег**.

Национ наукон библиотекæ æмæ Дзæуджыхъæуы Хетæгкаты Къостайы номыл Ирон литературæйы музейы кусджытæ ма мысæн изæрмæ бацæттæ кодтой Сланты Къоста æмæ Кочысаты Зояйы цард æмæ бирæвæрсыг сценикон сфæлдыстадыл дзурæг æрмæджыты мидисджын равдыст.

**ГАСАНТЫ Валери**

Сырддоны цард

# Уалдзæг цæрæгойты дунейы

**Царддæттæг афон та йæ тыхы бацыд, банкъардтой йæ цæрæгойтæ дæр. Царды цыдæн бауромæн нæй, æмæ 'нусты дæргъы цы уагæвæрд ныффидар, уымæ гæсгæ Дзæуджыхъæуы сырддоны цæрджытæ дæр, æрдзæй сын цы ис лæвæрд, уый æххæст кæнынц.**

Сырддоны сæгъты нымæцыл бафтыд, æнæнцой сæныччытæ æппын фæллад нæ зонынц, æфсæстæй дугъ сисынц, вольеры хъыллиппытæ кæнынц.



Уалдзæджы хъарм бонты ралæудимæ сæ фист згъалын райдайынц, зымæгмæ сырддоны цæрджытыл цы хъуынджын кæрц разайы, уый. Æрсытæ æрдзы уавæрты сæ лæгæтмæ бацæуыны агъоммæ æлыг фæхæрынц, цæмæй сæ тъæнгтæ кæрæдзийыл ма бандæдзой. Уазæлтты райдайæнмæ сæ буары цы сой æрæмбырд вæййы, уый уалдзæгмæ сæ цармæй æддæмæ хизын райдайы, æмæ смæллæг, сæвидауц вæййынц.

Уыцы 'гъдауæй сырддоны æрсытæ, стæй иннæ цæрджытæ дæр цух не сты, кæд хæринаг, цавæр æмæ цас æмбæлы, уыйас хæрынц, уæддæр. Сæ хъуын куы аивой, уæд та тъæпкъах удгоймæгтæ сæ хуыз скалдзысты. Зылд цæуы цæрæгойты бынæттæм: аивтой цартæ, пъолтæ, асфальт сног кодтой халхор цæрæгойты астæрдты. Рæхджы уыцы куыстытæ страусты цæрæнуаты дæр конд æрцæудзысты.

Афæдз рацыд, чысыл маймули куы райгуырд, ууыл. Уæлдай уарзон у сабитæн, семæ 'рбацæуæг хистæртæ дæр дзæвгар рæстæг афæстиат вæййынц йæ разы, йæ митæм ын æдзынæг кæсгæйæ. Йæхи сырддоны стъалыйæ дзæгъæлы не 'нкъары фыдуаг, фæлæ гыццылдæр тасдзинад банкъардта, уæд йæ мады хъæбысы аныгъуылы. Бирæ рæстæг нал баззад, доны хъазтæ дæр фæстæмæ сæ хæдзар куы ссарой горæты Сæйраг парчы цады, уыцы бонмæ. Зымæджы дæргъы сырддоны уыдысты. Нырма уал цад цæттæ нæу се 'рбацыдмæ, ссыгъдæг кæныны фæстæ ма йæ мæйы дæргъы донæй дзаг кæндзысты, æмæ уæд хъазты уым ауадздзысты.

Цæрæгойтæй алкæмæн дæр йæ бацыдæн хицæн истори ис, фылдæр хатт– трагикон. Цас хъарутæ бахардз кæнынц йæ кусджытæ фæстæмæ йæ раздахынмæ... Зилынц æм, низтæй йæ сдзæбæх кæнынц. Арæхдæр сæ 'рбахæссынц сæ хицæуттæ, нал нæ хъæуынц, зæгъгæ. Сырдтæй алкæмæн дæр йæхи характер ис, йæхи цардвæндаг. Дыууæ, æртæ бонмæ се 'муд 'рцæуынц, сæ хуыз скалынц. **Зассеты Алыксандр** дæсны ветеринарон дохтыр у, кусы сырддоны, хорз зоны йæ цæрджыты ахаст, стæй сæ низыхатт. Бахъуаджы рæстæг цæттæ у баххуыс кæнынмæ.

Сырддонæн йе 'ддаг аив бакастыл архайынц, чи дзы кусы, уыдон. Уалдзæджы ралæудимæ йæм зилынц, ахорынц, цæмæй ахада æрбацæуджыты цæсты. Йæ сæргълæууæг **Белеккаты Аслан** нын куыд радзырдта, афтæмæй холлагæй цух не сты, цæрæгойты 'нæниздзинадмæ цæуы хъусдард, куы бахъæуы, уæд æххуыс райсы. Сырддоны администраци цæттæ у, æрбацæуæг адæймæгтæй искæмæ цавæрфæнды фарстатæ куы сæвзæры, уæд уыдонæн бæлвырд дзуапп ратынмæ.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ, авторы ист къам**

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ





**Цыппæрæм хатт мыхуыры рацыд Цгъойты Хазбийы чиныг «Ирон царды æгъдæуттæ». Адæм та йыл æхсызгонæй сæмбæлдысты. Балхæнæн æй ис Мыхуыры хæдзары дыккæгæм уæладзыджы, йæ аргъ – 500 сомы. Бадзурæн ис Тая Доронинамæ ахæм телефонтæй: 8-928-483-46-51; 25-92-72.**

**Обслуживание колонок и котлов. Тел.: 8-961-821-90-88.**


Хæныкъаты бинонтæ хъыгзæрдæйæ хъусын кæнынц,

**ХÆНЫКЪАТЫ**
**Исахъы фырт Баграт**

кæй амард, уый.

Зиан рахæсдзысты 8 апрелы Фыййаджыбылы Гæрисаты Алберды уынджы 34-æм хæдзарæй.


Номыры радхæссæг редактор — **Саутæты Тамилæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн – **Гуыцмæзты Зæринæ;**
2-аг фарсæн – **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Рубайты Нелли.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
2-аг фарсæн — **Кæлухты Фатимæ;**
3-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
4-æм фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьянæ Шеходанова** (къамисæг) **– 25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ **– 25-93-36,** компьютерон цех **– 25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстонполиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 2763.
Заказ № 356.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**